



Pou Piblikasyon Imedya: 01/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PWOPOZE ENTÈDIKSYON NASYONAL KONT ETOUFMAN FÒS DELÒD YO NAN KAD MANIFESTASYON KONTINYÈL YO KÒM REPONS AK LANMÒ GEORGE FLOYD LA

Pwogram Refòm Pozitif la gen ladan Entèdiksyon Nasyonal sou Britalite; Envestigasyon endepandan de Abi Polis; Divilgasyon Dosye Disiplinè ofisye polis yo te envestige a Gouvènè Cuomo:

Gouvènè Cuomo: "Mwen te di depi premye jou a, mwen pataje pèn nan e mwen kanpe ak manifestan yo. Lè w gade videyo sa a kote y'ap touye yon nonm san zam, Mesye Floyd, sa tèrib. Tèrib. Li bay pèrèz. Li pèvèti tout sa w kwè sou peyi sa a. Li fè sa epi pa gen eskiz pou li. Pa gen Ameriken tèt dwat k'ap bay eskiz pou li. Kidonk, manifeste, wi. Fristre, wi. Santi lapèn, asireman wi. Èske gen yon pi gwo pwoblèm? Natirèlman".

Cuomo: "Ou vle fè moman sa a konte. Wi, ou ekspriye pèn nan. Men apres a w di, 'Men ajanda m. Men sa mwen vle'. Se sa nou dwe ap fè nan moman sa a. E manifestan yo ap fè yon pwèn. E pifò nan yo ap fè yon pwèn entelijan, ki sansib. Men nou dwe ajoute ajanda refòm pozitif ke chak vwa ap rele a, pou gouvènman an, politisyen yo ka konnen kisa pou yo fè. Epi gen yon ajanda refòm pozitif isit. Ta dwe gen yon entèdiksyon nasyonal sou britalite ofisye polis yo. Ta dwe gen yon entèdiksyon nasyonal sou etoufman. Pwen final. Ta dwe gen investigasyon endepandan sou abi lapolis la".

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo pwopoze yon ajanda refòm pozitif nan mitan manifestasyon k'ap kontinye nan tout eta a ak nasyon an pou bay repons a lanmò George Floyd. Ajanda pou refòm nan gen ladan yon entèdiksyon nasyonal sou britalite ak etoufman ofisye polis yo ap fè; investigasyon endepandan sou abi lapolis k'ap fèt pa ajans eksteryè endepandan, - se p'ap komisè lokal yo; ak divilgasyon dosye disiplinè ofisye polis ke yo te envestige yo.

VIDEYO pou gade deklarasyon Gouvènè a disponib sou YouTube [isit la](#) epi nan fòm kalite Televizyon (h.264, mp4) [isit la](#).

ODYO evènman jodi a disponib [isit la](#).

Yon transkripsyon rapid diskou Gouvènè a disponib pi ba a:

N'ap pale de relouvri nan yon semèn nan vil New York. Kounye a n'ap gade gwo rasanbleman sa yo pandan plizyè nwit ki sot pase yo ki ta ka, an reyalye, agrave

pwopagasyon COVID-19 la. Nou te pase tout tan sa a fèmen, konfine, maske, rete a distans sosyal epi lè w louvri televizyon an ou wè gen gwo rasanbleman ki ta ka enfekte anpil santèn moun. Apre tout sa nou te fin fè. Nou dwe pale yon minit epi mande tèt nou kisa n'ap fè la? Kisa n'ap eseye akonpli?

Nou gen manifestasyon atravè eta a ki kontinye yè swa, yo kontinye nan tout nasyon an. Nan pati nò eta a nou te travay avèk vil yo trè sere. Lapolis Eta a te fè yon bon travay. Nòmalman, nou te gen kèk arestasyon gaye, nan pati nò New York. Men gouvènman lokal yo te fè yon bon travay, moun yo te fè yon bon travay, lapolis te fè yon bon travay. Manifestan yo te responsab. Sa pat' bon men li pat' mal nonplis nan pati nò a.

Mwen te di depi premye jou a, mwen pataje pèn nan e mwen kanpe ak manifestan yo. Lè w gade videyo sa a kote y'ap touye yon nonm san zam, Mesye Floyd, sa tèrib. Tèrib. Li bay pèrèz. Li pèvèti tout sa w kwè sou peyi sa a. Li fè sa epi pa gen eskiz pou li. Pa gen Ameriken tèt dwat k'ap bay eskiz pou li. Kidonk, manifeste, wi. Fristre, wi. Santi lapèn, asireman wi. Èske gen yon pi gwo pwoblèm? Natirèlman. Se pa sèlman Mesye Floyd, sa retounen - gen 50 ka ki jis tankou Mesye Floyd. Nou gen yo isit la nan vil New York. Ki diferans ki genyen ant Mesye Floyd ak Amadou Diallo? Oswa Abner Louima? Oswa Eric Garner? Ki diferans ki genyen? Kisa nou te aprann? Anyen?

Kidonk, wi, nou ta dwe gen lapèn. E wi, gen yon pi gwo pwèn pou nou fè. Li se abi lapolis. Men li se yon bagay ki pi grav. Li se rasis. Li se diskriminasyon. Se inegalite fondamantal ak enjistis. Papa m te pale de li nan lane 1984. Diskou a te rele "Istwa De Vil". Moun toujou pale de li. Pwen nan istwa de vil la se ke gen de Amerik. De pilye règ. De pilye rezilta. De pilye atant. Se laverite. Se te vre lè sa a, se vre kounye a. Gade prizon nou yo epi di m' pa gen enjistis eritye nan sosyete a. Gade nan lojman piblik, di m' pa gen enjistis natirèl.

Gade sa ki te pase ak to enfeksyon COVID sa a nan tout peyi a. Plis Ameriken Afriken enfekte, plis Ameriken Afriken mouri pa rapò ak Ameriken blan. Natirèlman, gen diskriminasyon kwonik enstitisyonalize. Pa gen dout. Pa gen dout. E pa gen dout ke sa konsa depi lontan e moun yo fristre, e sa dwe korije epi li dwe korije kounye a. E pa gen dout ke nasyon sa a malgre tout jan l te ka gran, li gen peche kontinyèl nan diskriminasyon. Depi anvan nasyon an te fòme li te kòmanse avèk esklavaj. E li te gen figi diferan pandan deseni yo, men se toujou menm peche a. Se vre. Se vre. Kidonk, ann sèvi ak moman sa a kòm yon moman chanjman? Wi.

Kilè chanjman vini? Lè zetwal yo alinye e sosyete a konsantre e pèp la konsantre, epi yo konsantre nan yon limit ke politisyen yo swiv moun yo. Se lè sa a chanjman vini. "Ebyen, lidè yo ap mennen!" Sa pa fè sans. Moun yo mennen. Lè sa a, politisyen yo wè moun yo k'ap deplase, e politisyen yo kouri pou ratrape moun yo. Kijan nou te pase egalite maryaj nan eta sa a, ki bay yon nouvo dwa sivil pou kominote LGBTQ a? Paske pèp la te deklare, "nou di ase. Kijan ou ka di se sèl moun ki etewoseksyèl yo ki ka marye, men moun LGBTQ yo — yo pa ka marye? Kijan sa fè konstitisyonèl? Kijan sa fè legal?" Ou gen pwòp preferans ou— Bondye beni w. Men kounye a nan lalwa, èske w fè diskriminasyon ant de klas moun. Nou te adopte egalite maryaj.

Aprè masak Sandy Hook la, aprè tout ane sa yo nou te eseye pase sekirite zam bon sans. Eske w vrèman bezwen yon zam atak pou touye yon sèf? Men lè masak Sandy Hook la te fèt la, moun yo te di, "ase. W'ap touye timoun? Jèn timoun nan lekòl ki gen yon zam atak? Nan masak Sandy Hook la. Ase".

E nan moman sa a, nou te pase sekirite zam bon sans nan Eta New York. Anrejistre inegalite revni yo? Moun yo te deklare, "ase" e pase yon salè minimòm reyèl nan eta sa a ki te travèse tout nasyon an. Gen yon moman pou chanjman, e èske gen yon moman la a? Wi. Si nou konstrikatif e si nou entelijan, e si nou konnen kisa n'ap mande! Li pa sifi pou soti epi di, "Mwen fache, mwen fristre". OK. E kisa? "Oke, mwen pa konnen, men mwen fache ak fristre".

Epi kisa ou vle ki pou fèt? Ou bezwen repons lan. "Oke, mwen vle refòm zam bon sans". OKE, ak kisa li sanble? Men li - twa pwen. "Ebyen mwen vle adrese inegalite revni". Oke, ki sa ou vle? "Men sa mwen vle. Salè minimòm nan 15 dola. Frè pou kolèj gratis". Kisa ou vle?

Ou vle fè moman sa travay. Wi, ou eksprime pèn nan! Men aprè ou di, "Men ajanda m. Men sa mwen vle". Se sa nou dwe ap fè nan moman sa a. E manifestan yo ap fè yon pwen. E pifò nan yo ap fè yon pwen entelijan, ki sansib. Men nou dwe ajoute ajanda refòm pozitif ke chak vwa ap rele a, pou gouvènman an, politisyen yo ka konnen kisa pou yo fè. Epi gen yon ajanda refòm pozitif isit. Ta dwe gen yon entèdiksyon nasyonal sou britalite ofisye polis yo. Ta dwe gen yon entèdiksyon nasyonal sou etoufman. Pwen final. Ta dwe gen investigasyon endepandan sou abi lapolis la. Lè w gen Pwokirè Distri lokal la k'ap fè investigasyon yo- M pa bezwen konn pèfòmans yo - gen sijesyon yon konfli enterè. Poukisa? Paske Avoka Distri sa a (DA) travay ak depatman lapolis sa a chak jou e kounye a pwokirè a pral nan investigasyon depatman lapolis sa a ke y'ap travay pou li chak jou a? Konfli nan enterè ka reyèl oswa yo ka prevwa li. Kijan moun ka kwè ke pwokirè lokal ki travay ak depatman lapolis sa a pral jis nan investigasyon an? Li pa ta dwe eta pa eta. Gouvènè Minnesota a Walz te mete avoka jeneral la an chaj. Bon bagay. Nan eta sa a, mwen te mete avoka jeneral an chaj nan investigasyon kote lapolis touye yon moun san zam. Bon bagay. Bon bagay. Men sa pa ta dwe eksepsyon an. Li ta dwe règ la. Pa gen otosiveyans. Genyen yon akizasyon, investigasyon endepandan. Bay moun yo konfò investigasyon an reyèl.

Si y'ap envestige yon ofisye lapolis, kijan fè gen dosye disiplinè ki pa enpòtan? Depi y'ap envestige yon ofisye lapolis, si yo gen dosye disiplinè ki montre sa se te yon modèl repete, kijan sa fè pa enpòtan? Pandansetan, dosye disiplinè ka sèvi tou pou egzante. Si yo gen dosye disiplinè ki di ke misye pa janm, manzè pa janm fè anyen konsa anvan, pa gen danje. Sa enpòtan tou.

Nou toujou gen de sistèm edikasyon nan peyi sa a. Tout moun konn sa. Yo decide edikasyon w pa mwayen kòd postal ou. Lekòl ki pi pòv nan kominote ki pi pòv yo gen yon nivo diferan finansman pase lekòl ki pi rich nan eta sa a. Nou depanse 36,000 dola chak ane nan yon distri ki rich anpil. 13,000 dola nan yon distri pòv. Kijan w jistifye sa? Okontrè, timoun ki nan yon kominote ki pi pòv bezwen plis sèvis nan yon lekòl, pa mwens. Kijan w jistifye sa? Ou pa kapab. Fè yon bagay pou sa. Ou toujou gen timoun k'ap viv nan povrete nan nasyon sa a? Ebyen, lè nou te oblije, nou te jwenn yon milya dola pou jere viris COVID, men nou pa ka jwenn finansman pou ede timoun k'ap viv nan povrete? Non, nou ka jwenn li, Etazini. Nou jis pa vle. Se volonte politik. Lè nou bezwen

jwenn lajan, nou ka jwenn li. Ann onèt, gouvènman federal la gen yon prè enprime nan sousòl yo a. Lè yo gen volonte politik, yo jwenn lajan an.

Gouvènman federal la te soti nan biznis lojman an e yo pa janm re-antre ladan. Nou gen yon kriz nasyonal lojman abòdab. Wi nou genyen. Nou pa finanse lojman abòdab. Mwen se ansyen sekretè HUD. Mwen konnen pi byen pase nenpòt ki moun bagay gouvènman federal la abitye fè an tèm de lojman abòdab ak Seksyon 8 la ak nan bati nouvo lojman piblik. E nou jis sispann, epi nou kite l pou mache a. Kounye a nou gen yon plan lojman abòdab. Se sa nou dwe ap adrese nan moman sa a. Epi nou ta dwe ap di ofisyèl federal nou yo, "Gen yon eleksyon ane sa a, nan kèk mwa ankò. Men ajanda m. Sou ki bit nou kanpe?" Di kongrè a, Mezon an ak Sena a, "Kote pwojè lwa ou sou sa?"

Mwen tandè kèk moun nan kongrè a k'ap pale pou di ebyen petèt yo pral pran yon rezolisyon. Wi, rezolisyon yo bèl. Rezolisyon di nan teyori mwen sipòte sa a. Adopte yon lwa, se sa nou vle. Yon lwa ki chanje reyalyte a, kote gen yon bagay ki rive. Travay gouvènman an se pou fè chanjman. Fè chanjman. Ou nan yon pozisyon pou fè chanjman. Fè chanjman. Sèvi ak moman sa a pou galvanize sipò piblik la. Sèvi ak pèn sa a pou fè chanjman. Epi gen entelijans pou di ki chanjman nou vle. Sinon, se jis preche nan dezè si nou pa konnen egzakteman ki chanjman nou bezwen fè.

E nou dwe entelijan nan moman sa a. Vyolans nan manifestasyon sa yo bouche jistis mesaj la. Moun k'ap eksplwate sityasyon an, piyaj la, sa pa manifeste. Sa pa endiyasyon moun k'ap mache dwat. Sa se kriminalite e se moun ak fòs ki pa vle chanjman yo k'ap fè l paske apre yo pral sispann tout efò nèt. Mwen pral di w kisa yo pral di. Yo pral di premye bagay Prezidan an te di lè sa te rive a. Yo pral di "Sa yo se piyajè." Nou sonje lè Prezidan an te mete deyò tweet ensandyè sa a? "Nou kòmanse tire lè yo kòmanse piye oswa yo kòmanse piye, nou kòmanse tire?" Sa se yon ansyen apèl nan ane 60 yo. Vyolans lan, piyaj la, kriminalite a se moun sa yo ki pa vle chanjman pwogresif lan k'ap fè yo. Epi make mo mwen yo, yo pral di jodi a, "O nou wè, yo se kriminel. Yo se piyajè. Èske nou te wè kijan yo te kraze fenèt magazen an epi yo te antre al vòlè?" Epi yo pral eseye pentire tout mouvman pwotestasyon an ke yo tout se kriminel, yo tout se piyajè. Se sa yo pral fè. Poukisa? Yo pa vle pale sou lanmò Mesye Floyd la. Yo pa vle moun wè videyo sa a. Yo vle moun wè videyo piyaj la. E lè moun wè videyo piyaj la pou yo di "O wi, sa mal. Yo se kriminel". Non, gade videyo ofisyèl lapolis k'ap touye Mesye Floyd la. Se videyo sa a nou vle moun ap gade.

Kounye a m pa menm kwè se manifestan yo. Mwen kwè gen moun k'ap itilize moman sa a e itilize manifestasyon sa a pou pwòp objektif yo. Gen moun ki vle simen grenn anachi, ki vle deranje. An menm tan, gen moun ki vle vòlè. Ak isit la nan yon moman ke ou ka itilize moman sa a yo nan vòlè. Nou ka itilize moman sa a pou gaye dezòd. Mwen tandè menm bagay la de tout otorite lokal yo. Yo gen moun nan kominote yo ki la pou site manifestasyon ki pa valab. Yo pa soti nan kominote yo. Yo pa konnen ki kote yo soti, gwoup ekstremis, gen kèk moun ki pral repwoche bò goch la, gen kèk moun ki pral repwoche bò dwat la. Li pral vin politize. Men pa gen dout gen gwoup eksteryè ki vini pou deranje. Pa gen dout ke gen moun ki jis itilize moman sa a pou yo vòlè. Kisa, se yon konyensidans yo te kraze yon konpayi mont Rolex? Se te yon konyensidans? Magazen otgam, Chanel. Se te yon konyensidans? Sa se te o aza? Sa pat' o aza. Kidonk, èske nou ka gen yon mouvman manifestasyon lejitim ki detounen? Wi nou

kapab. Wi nou kapab. E gen moun ak fòs ki pral esplwate moman sa e mwen kwè se sa k'ap pase.

Men nou dwe toujou entelijan. E an menm tan, nou gen yon pwoblèm fondamantal ki se, nou jis pase 93 jou ap limite konpòtman, fèmen, pa gen lekòl, pa gen biznis, anpil milye ti biznis detwi. Moun pral pèdi travay yo. Moun yo detwi ekonomi yo. E kounye a, gwo rasanbleman ak anpil milye moun ki tou kole yon semèn anvan nou pral re-ouvri Vil New York? Ki sans sa fè? Kontwole pwopagasyon an, kontwole pwopagasyon an, kontwole pwopagasyon an. Nou pa menm konnen konsekans pou viris COVID la nan gwo rasanbleman sa yo. Nou pa menm konnen. Nou p'ap konnen petèt pou anpil semèn. Sa se nati viris la. Konbyen gran pwopagatè ki genyen nan foul sa a? "Ebyen, yo te sitou jèn moun". Konbyen jèn moun ki te ale lakay yo epi bo manman yo oswa bay papa yo lamen oswa anbrase papa yo oswa granpapa yo oswa frè yo oswa manman yo oswa sè yo epi yo pwopaje yon viris?

Vil New York ap louvri semèn k'ap vini an. Sa pran 93 jou pou nou rive la. Èske sa entelijan? New York solid. Nou soti nan sitiyaasyon ki pi mal la pou antre nan re-ouvèti a. Soti nan sitiyaasyon ki pi grav la a 54 lanmò nan 50 jou. Nou te soti nan sitiyaasyon ki pi grav la rive nan re-ouvèti nan 93 jou. Nou te fè sa paske nou te New York solid. New York difisil te entelijan. Nou te entelijan. Nou te entelijan pou 93 jou. Nou te ini, nou te respekte youn lòt. Nou te disipline. Mete mask se jis disiplin, se jis disiplin. Sonje mete l, sonje pran l, sonje mete l lè w wè yon moun, se jis disiplin.

Sa te gen rapò ak lanmou tou. Nou te fè sa paske nou renmen youn lòt. Se sa yon kominote ye. Nou renmen youn lòt. E wi, ou ka renmen menm nan New York. Menm ak tenasite nan New York, menm avèk yon aksan New York, menm avèk yon fanfawon New York. Nou renmen. Se sa nou te fè pou 93 jou nan yon fason nou pat' janm fè l' anvan. Jamè nan lavi m. Jamè nan lavi m' vil sa a ak eta sa a pat' reyini ansanm nan fason nou fè l' la. Mwen pa panse l'ap janm konsa ankò, pandan lavi m. Kounye a nou ka di petèt sa pran yon pandemi mondyal pou l' rive. Mwen pa konnen si se vre e m pa konnen ak pouvwa sa sanble lè sa te fèt la pa ta ka tèlman bèl ke gen moun ki vle fè l' ankò.

Sonje byen lè nou tout te aji ansanm pandan kowonaviris la, nou te rasanble e nou te frape kowonaviris nan pwent dèyè l. Eske nou sonje lè nou tout te mete mask e nou te gen dezenfektan men? Nou sonje sa nou te fè Wow. Lè nou met men ansanm, nou ka fè nenpòt bagay e se vre. Se vre pou eta a, se vre pou yon nasyon. Lè nou met men ansanm epi nou gen yon sèl ajanda nou ka fè nenpòt bagay. Nou vle chanje sosyete a, nou vle fini ak istwa de vil yo, nou vle fè yon sèl Amerik? Nou ka fè sa, se menm jan nou te frape kowonaviris nan pwent dèyè l.

Moun ki ini ka fè nenpòt bagay. Nou te montre sa, nou te jis montre sa nan 93 jou pase yo. Nou ka mete fen nan enjistis ak diskriminasyon ak entolerans ak abi polis la. Nou dwe entelijan. Nou dwe entelijan kounye a. Kounye a nan eta sa a. Nou dwe entelijan aswè a nan vil sa a paske sa pa fè yon pwogram refòm avanse. Sa pa konvenk otorite gouvènman yo pou chanje. Sa pa ede mete fen a kowonaviris Nou dwe entelijan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)